

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Nu jadi watesanan dina ieu panalungtikan nya éta kajian filologis anu ngawengku édisi téks/ kritiks téks, jeung analisis téks naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*. Analisis téks ngawengku déskripsi, alur, unsur pangwangun carita, jeung tafsiran eusi naskah.

Filologi mangrupa hiji disiplin élmu anu mibanda peranan nu gedé dina kamekaran jeung kamajuan disiplin élmu nu lianna. Dumasah hal éta, filologi téh nyaéta cabang tina élmu sastra ngeunaan ulikan téks atawa wacana tinulis. Hususna ngeunaan naskah (*manuscrifth*) sangkan bisa nangtukeun jeung meunangkeun kaaslian ma'na ajén jeung fungsina jeung saterusna (Iskandarwassid, 1992: 41). Sedengkeun nu ditalungtik ku élmu filologi nya éta nasakah-naskah buhun.

Nasakah nya éta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, anu dibeundeul (dibukukeun tapi lain dicitak) (Iskandarwassid, 1992: 88). Eusi dina naskah, aya nu mangrupa wawacan aya ogé nu mangrupa babad. Babad gelarna dina abad ka-17. Babad nya éta carita nu patali jeung hiji patempatan atawa ilaharna mah karajaan nu dipercaya minangka sajarah. Patali jeung pangaruh Jawa, karéréaan babad ditulis dina wangun Wawacan, upamana Babad Godog, Babad Panjalu, Babad Cirebon, Babad Banten, Babad Sumedang, dll. Ditilik tina jihat sajarah, babad téh lain bukti nu bisa dijieun sumber sajarah, tapi sahenteuna bisa dipaké

pikeun bahan babandingan dina ngulik sajarah. Biasana dianalisis heula kalawan kritis, nepi ka meunang hiji kacindekan. Ieu hal téh dilantarankeun eusi babad salian ti nyaritakeun hal-hal nu patali jeung sajarah, ogé réa pisan nyaritakeun hal-hal nu pamohalan, sipatna fiktif, saperti jalma bisa ngapung, jalma sakti, jsté, anu nyampak dina karya-karya sastra. (Rosidi, Ajip.dkk. 2000. *Ensiklopedi Sunda*).

Dina nganalisis ieu naskah ngagunakeun métode déskriptif analitis. Anapon nu jadi tahapan gawéna nya éta: 1) maluruh naskah, 2) transliterasi nasakah, 3) nganalisis nasakah, jeung 4) nyieun kacindekan.

Dumasar hasil panalungtikan tur analisis unsur filologis dina naskah Sunda *Silsilah Luluhur Ciamis (SLC)*, bisa dicindekeun saperti dihandap.

1. Naskah Silsilah luluhur Ciamis disawang tina unsur pangwangun caritana, ngawengku:
  - a. Salapan pasal, lima unsur carita, jeung 780 baris.
  - b. Proséntase pasal dina naskah *Silsilah Luluhur Ciamis* nya éta: Pasal ka-1 108 baris 13,8%, pasal ka-2 7 baris 0,90%, pasal ka-3 230 baris 29,49%, pasal ka-4 112 baris 14,36%, pasal ka-5 89 baris 11,41%, pasal ka-6 176 baris 22,56%, pasal ka-7 34 baris 4,36%, pasal ka-8 5 baris 0,64%, jeung pasal ka-9 19 baris 2,44%.
2. Galur nu digunakeun dina ieu naskah *SLC* nya éta galur maju mundur. Sedengkeun unsurna diwangun ku Sajarah 21,80%, Silsilah 49,36, Dongéng 4,86, Mantra & do'a 6,28, Asal-muasal Patempatan 17,70.

3. Tina kritik téks anu kapaluruh dina ieu naskah *SLC* , kapaluruh aya sababaraha kasalahan atawa masalah nu ngabalukarkeun teu jelasna eusi naskah, nya éta:
  - a. Réana silsiah nu teu ngaruntuy,
  - b. Teu jelasna galur carita nu nyampak,
4. Dumasar kana hasil analisis téks naskah *SLC*, dihasilkeun édisi téks pikeun dipedalkeun.

Jadi cindekna, silsilah luhur Cijulang dimimitian ti Sunan Mandala Agung nu kagungan putra Sembah Hyang Langas alias Sembah Agung.

Jadi sacara gurat badagna, ieu naskah téh nyaritakeun silsilah turunan urang Cijulang jeung tempat-tempat anu aya di sabudeureun di Cijulang. Daérah-daérah anu kungsi kasabaan NG jeung AG, jeung Budakana Sembah Agung ayana sacara gurat badagna aya di tilu kacamatan, nya éta: 1) Kec. Cijulang, 2) Kec. Parigi, 3) Kec. Cigugur. Sedengkeun daérah-daérah nu séjén nu disebut dina ieu naskah nya éta daérah-daérah anu jadi tempat cicing dulur-dulur luhur Cijulang.

## **5.2 Saran-saran**

### **Ieu saran ditepikeun ka;**

1. Para mahasiswa nu aya karep pikeun ngagarap naskah, kalayan ngagunakeun kajian filologi atawa disiplin élmu nu séjéna, dipiharep sangkan leuwih jembar tur nyosok leuwih jero deui, sangkan bisa ngahontal tujuan kalayan nyugemakeun.

2. Para filolog sawadina leuwih gemet dina maluruh tur nalungtik naskah Sunda, sangkan naskah-naskah Sunda nu masih bacacar di masarakat bisa kasalامتkeun, tur manfaat elmuna.